

Woba ufise umugenzi w'umunyamwema?

Woba ufise umugenzi yoba asa nk'umuzungu gusumba uko yoba asa nka wewe? Kumbure uwo mwigana canke umwana w'umubanyi? Kumbure musaza wawe canke mushiki wawe canke murumuna wawe? Kumbure umwana mu gacimbiri ubako canke mu kibano cawe?

NI KUBERA IKI UWO MWANA ATUKURU?

Urigerera wibaza igitera uwo mwana adasa nk'abandi bana? Igituma arukoba rwiwe n'amaso yiwe atukura? Igituma imishatsi yiwe isa n'umuhondo?

UWO MWANA NTARWAYE. UWO MWANA NI UMUGISHA NKUKO NAWA URI UMUGISHA.

Uwo mwana ntarwaye kubera gusa asa nk'uwutukura. Afise gusa ukuntu kwitwa ubunyamwema. Ubunyamwema si indwara. Ntibuterwa n'imigera. Ntiyagize urwo rukoba rutukura n'ayo maso mu "kwandura" ikintu, nkuko abantu "bandura" indwara. Nta n'uwundi muntu "yokwandura" ubunyamwema k'uwundi. Ntushobora guca uhinduka ugatukura ngo ni kubera uri hafi y'umwana w'umunyamwema. Ntushobora guca utukura ngo ni kubera wamukozeko.

Ubunyamwema si umuvumo uterwa n'impwemu canke utumana. Umwana w'umunyamwema ni umugisha nk'uko nawe uri umugisha. Yaremwe mw'ishusho ry'Imana nk'uko nawe waremwe.

UBUNYAMWEMA NI IKI?

Hama ni kubera iki urukoba rwa mugenzi wawe rutukura?

Ni kubera gusa urukoba rwiwe rudafise ibitanga ibara canke ibara riyitwa meranine. Rero kubera urukoba rwiwe rutagira ibara, amaraso aca abonekera buhoro mu rukoba rwiwe. Ivyo bituma urukoba rwiwe rusa nk'urutukura. Ni ukuntu kwitwa ubunyamwema. Ukuntu si indwara. Ukuntu bivuga ngo, "uko niko uyu muntu ameze." Muri uko kuntu kwitwa ubunyamwema, urukoba ntirukora ibitanga ibara, umuntu agaca asa nk'uwera canke uw'utukura.

UBUDASA NI UBWIZA. IMANA IRABUKUNDA.

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



Imana irakunda ubudasa. Yaremye amabara menshi hamwe n'amoko atandukanye y'abantu muri ino si yacu kandi irayakunda yose. Imana niyo yaremye uwo mugenzi wawe w'umunyamwema kandi Iramukunda nk'uko Igukunda nawe. Ubwo isi ntiyoba irambira, ari mbi mu gihe amashurwe yose yarikuba afise ibara rimwe? Canke utunyugunyugu twose dusa? Canke abana bose basa? Imana irakunda ubwiza buva mu dututu tw'amabara atandukanye. Niyo yaremye amabara yose kandi yose ni meza. Abana birabura cane, cane nk'amakara ni beza kuriyo, kandi n'abana bafise inzobe nyinshi nabo nyene Imana irabakunda kandi irakunda n'abana bera canke batukura, nk'amashurwe meza. Niyo yaremye ayo mabara yose. Niyo yaremye uwo mugenzi wawe w'umunyamwema uko nyene ari, kandi Iramukunda uko nyene ari.

ABANTU BAMWE BAMWE NTIBATAHURA

Nimba abandi bameze nk'abatinya umugenzi wawe rimwe na rimwe, ni kuko gusa badategera ico arico ubuyamwema. Kenshi abantu baratinya ikintu cose badategera. Umugenzi wawe w'umunyamwema ntasa nk'abandi mugabo ameze nkawe ahanini.

UMUGENZI WAVE ARASHOBORA GUKORA IBINTU VY'AKAMARO MU BUZIMA BWIWE NK'UKO NAWA WOBIKORA.

Abantu benshi b'abanyamwema barakuze barashobora gukora ibintu bikomeye cane. Bamwe mu baririmvyi bazwi cane, abari mu ma Leta hamwe n'abikorera ivyabo niba nyamwema. Afashijwe n'Imana, umugenzi wawe w'umunyamwema arashobora gukora ikintu cose abandi bantu bakora. Ukumutera intege kwawe n'ubugenzi bwawe na vyo nyene birashobora gufasha.

Abantu benshi bafise ubunyamwema baraciye ubwenge gose. Barashobora kwiga nk'abandi bose. Barashobora kuja kw'ishure. Barashobora kwigenza neza mu vyigwa vyabo.

UMUGENZI WAVE ARASHOBORA KURAMBA

Abantu bafise ubunyamwema barashobora gusaza kurugezo rusanzwe nk'abandi bantu bose. Wibuke, ubunyamwema si indwara.

IVYO UMUGENZI WAVE YOKORA KU NGORANE ZIBIRI AHURA NAZO

Hariho ingorane zibiri abantu ba nyamwema bakunda guhura nazo, kandi hariho ivyo bokora kugira ngo izo ngorane ntizibababaze. Urashobora gufasha mugenzi wawe mu kumutera intege ngo akore ibintu vyofasha.

RIMWE- UMUGENZI WAVE AFISEAMASO YOROSHE

Rimwe, amaso ya mugenzi wawe aroroshe cane iyo ahuye n'umuco kandi arashobora gusha vyoroshe. Ntafise meranine ikingira izuba amaso y'abandi bantu. Ashobora gukingira amaso yiwe mu kwama yambaye amarori y'izuba igihe cose ari hanze ku murango. Nk'umugenzi, urashobora gufasha mu gutahura ko umugenzi wawe vy'ukuri akeneye ayo marori. Atambaye ayo marori, amaso yiwe azosha, kandi ukubona kwiwe kuzoba nabi gusumba. Nk'umugenzi ntuzotwenge canke ngo ucokore abana b'abanyamwema kubera bambaye amarori yirabura. Ntuzobahamagare "maso ane" canke ayandi mazina. Uzokwame ubibutsa kwambara amarori yabo.

Umugenzi wawe arashobora no kwambara inkofero ifise ahaseruka imbere hashobora gupfuka amaso yiwe. Abakirisu bakunda Yesu barungitse akaganuke k'amarori y'izuba kagenewe buri mwana w'umunyamwema. Umugenzi wawe arashobora kuronka ayo marori mu kubonana na Ibikorwa kwa Buri Mwana (ECM). Turizeye ko azofasha amaso yiwe.

Amaso ya mugenzi wawe arashobora kandi kuba yoroshe mu bundi buryo. Nimba afise ingorane zo kubona mw'ishure, tera intege mugenzi wawe ngo abaze umwigisha wiwe nimba ashobora kwimuka akegera mu kibanza kiri imbere mw'ishure. Ashobora kubona neza mu gihe yicaye mu kibanza kiri hafi y'ikibaho.

KABIRI- UMUBIRI WOROSHE WA MUGENZI WAVE

Kabiri, umubiri w'umugenzi wawe nawo uroroshe cane kandi urashobora gusha vyoroshe. Ivyo ni kubera ko ibara ryo ku rukoba rwacu rirukingira imishwarara ibabaza y'izuba, ariko umugenzi wawe ntafise ibara canke igikingira mu rukoba rwiwe. Kubera ivyo, urukoba rwiwe n'umunwa wiwe biragira ibiguma vyoroshe cane mu gihe adakingiye umubiri wiwe izuba. Naho ubunyamwema atari indwara ubwabwo, abanyamwema benshi

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



baragira ibiguma kubera urukoba rwabo rudafise ibirukingira imishwarara yonona y'izuba.

Hariho ibintu bibiri wokora kugira ufashe umugenzi wawe gukingira urukoba rwiwe izuba. Ubwambere, umugenzi wawe akwiye kwirinda kuba hanze ku zuba kuva hafi isaha zine canke zitanu z'igitondo gushika isaha icenda. Muri ico gihe c'umunsi, ico gihe gikikuje isaha zitandatu z'umutaga, imishwarara y'izuba iba ishushye gose kandi iba irasa itumbereye kandi ishobora kumubabaza gose. Muri ico gihe rero usabwa gutera intege umugenzi wawe ngo agume mu nzu canke mu gatutu umwanya munini bishoboka.

Umugenzi wawe arashobora kandi kwambara impuzu z'amaboko maremare. Ishati n'ipantaro zera canke zisa nk'umuco zikozwe mu pampa zizokingira urukoba rwiwe kandi zirasire ahandi imishwarara y'izuba. Akwiye kwama yugaye ibipfungo vy'ishati ziwe gushika hejuru. Arashobora no kwambara inkofero ifise ahantu haseruka hanini hashobora gupfuka no gukingira amaso n'amatwi vyawe. Arashobora kandi no kwisiga amavuta azibira izuba kugira akingire umubiri. Ni ngirakamaro cane ku bice vy'umubiri bitazoba bipfutswe. Urashobora gufasha mu kudatwenga umugenzi wawe kubera yama yambaye impuzu zimupfuka umubiri gusumba uko bisanzwe. Urashobora no kubuza abandi bana kumutwenga. Urashobora no kwibutsa umugenzi wawe kwambara bene izo mpuzu zikenewe kugira akingire umubiri wiwe. Arashobora kwumva adahimbawe no kuba yambara impuzu zitandukanye buhoro n'uko abandi bana bambara. Urashobora kumutera intege mu kumubwira ko bikwiye ko abikora uko.

IMANA IRAKUNDA UMUGENZI WAVE W'UMUNYAMWEMA.

Imana irakunda umugenzi wawe w'umunyamwema nk'uko igukunda nawe. Umugenzi wawe ni uw'agaciro kuriyo, kandi nawe uri uw'agaciro kuriyo. Irakunda umugenzi wawe uko nyene ameze, kandi iragukunda uko nyene umeze. Umugenzi wawe arashobora kuba umugisha ku muryango wiwe no kw'isi. Urashobora kuba umugisha nawe.

NI IBIHE BIBAZO UFISE?

Ni ibihe bibazo ufise ku vyo twavuze, canke ku bijanye n'abagenzi bawe ba nyamwema? Urashobora kutwandikira ivyo bibazo kuri Ibikorwa kwa Buri

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



Mwana (ECM) ukoresheje ubuhinga ngurukana bumenyi uza kubona hasi.
Tuzokora uko dushoboye tukwishure.

Ni izihe ngorane abagenzi bawe ba nyamwema bahura nazo? Natwe mu
Bikorwa Kwa Buri Mwana (ECM) twipfuza kuvyumva. Twipfuza kuraba ko
hari ico twofasha. Wewe canke abagenzi bawe ba nyamwema murahawe
ikaze ngo mutwandikire.

URAKOZE

Urakoze kuba uri umugenzi w'abana ba nyamwema mu muryango wawe,
mw'ishure ryawe, mu gacimbiri kawe. Rimwe na rimwe abantu badategera
ivy'ubunyamwema barakorera ikibi cane abo bana ba nyamwema. Abo bana
barakeneye abagenzi. Barakeneye urukundo no kwemerwa. Ushobora kuba
umugisha uhambaye mu kuba umugenzi wabo gusa. Nico gituma tukubwiye
duti URAKOZE.

Gira umugisha,
Abagenzi bawe bo muri "Ibikorwa kwa Buri Mwana"
Ishirahamwe rukirisu ridakorana na Leta rizana ivyizigiro "ku bana bibagiwe
bo muri Afrika"
Kubera abana ari amikoro ya mbere ahambaye kuri buri gihugu-
Ubutunzi bwiza buva ku Mana!

Agasandugu k'amakete 28080
Kampala, Uganda

e-mail: ecmuganda@yahoo.com

Nimba wiga mu wa gatanu canke hejuru, kandi ukaba wipfuza insobanuro
z'ubuhinga ku bijanye n'ubunyamwema bw'umugenzi wawe, urandikira
Ibikorwa kwa Buri Mwana usabe insobanuro z'ubuhinga. Imana
Iguhezagire!

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe

